



MOSAIC

IDANTITE MOZAYIK: KLARIFYE SANT NOU AN

Konferans Menonit Mozayik la se yon kominote Bondye rele pou viv lanmou rekonsilyasyon Kris la nan bèl mond nou an men ki divize... Antanke disip k'ap swiv chemen Kris la, nou angaje nou ansanm pou selebre epi gaye gras, lajistis ak lapè Bondye.

Kòm yon pati nan plan estratejik Mozayik la, Konsèy Konferans lan angaje li pou li klarifye idantite nou kòm yon konferans. Depi lansman Konferans Mosaic la nan ane 2020, nou estriktire lavi konferans lan sou yon modèl disip ki santre sou sou plizyè pwèn. Antanke yon kominote ki dedye ak tradisyon menonit la, nou rasanble otou de konviksyon komen ke nou pataje nan Konferans Mondyal Menonit la, epi nou rete anrasinen nan valè istorik Anabaptis yo, jan Palmer Becker esplike yo nan Prensip Esansyèl Anabaptis yo: (Jezi, Kominote, ak Rekonsilyasyon). Anplis de sa, pandan n'ap chèche defini sant komen nou an, nou kwè idantite kominote nou an depann gen rapò ak pozisyon nou youn anvè lòt, ak fason nou aji ansanm, menm jan li gen rapò ak sa nou kwè ansanm.

Nan yon mond ki chaje ak divizyon, rayisman, avaris ak vyolans, nou vle adopte panse Kris la ki se : fòm nan lanmou, imilite ak sousi pou byennèt lòt moun (Filipyen 2:1-5). Nou angaje nou pou nou konstwi yon kominote ki bay relasyon priyorite, kote konvèsasyon otantik mennen nan konpreyansyon, e kote nou tout ap chanje lè nou rekonèt Imaj Bondye nan chak moun (Jenèz 1:26).

Menm jan yon mozayik konpoze ak plizyè moso ki gen diferan fòm, koulè ak teksti, Konferans Mozayik la gen ladan li moun ki soti nan divès ras, etnisite, kilti, idantite, lang, orijin edikasyonèl ak ekonomik, jewografi, pèspektiv politik, vwayaj lafwa ak eksperyans lavi. Nou rekonèt prezans diferans sa yo ansanm ak malèz nou souvan santi lè nou gade toutotou epi nou wè figi, pèsepsyon ak eksperyans ki pa abitye k'ap gade nou.

Antanke lidè nan Konferans Menonit Mozayik la, nou angaje nou pou nou konstwi yon kominote k'ap chèche yon kote pou li devlope, kote gwo atant ak ospitalite ki chaje ak gras fè yon sèl. Lanmou ak bonte Bondye ki an abondans louvri pòt la gran pandan verite fidèl Bondye a rele nou pou nou viv yon rankont ak Bondye ak lòt moun, sa ki mennen nan kwasans ak transfòmasyon (bonte ak konpasyon Bondye ki plen ak lanmou ak verite fidèl li, jan yo dekri sa nan Sòm 116 ak 117).

Nan dènye ane sa yo, nou te wè Lespri Bondye a ap mennen nou nan nouvo relasyon ak ministè ki te siprann nou. Nou vle mete tèt ansanm ak Bondye nan sa Bondye ap fè tankou : fè eksperyans ak eksplore tout divizyon nasyonalite, lang ak ras ki fèt pa lèzòm pou nou ka devlope koneksyon ki gen sans, ki fidèl, ki bay fwi, epi ki bay bon rezilta.

Pandan Konferans nou an ap swiv Lespri Bondye a nan espas inovatè sa yo, Konsèy Konferans nou an ap akeyi nouvo manm yo, lidè ki gen akreditasyon, kongregasyon, Ministè ki asosye ak Konferans lan, patnè nan ministè a, ak ekspresyon kreyatif nan legliz ki pataje angajman anvè lanmou-konpasyon ak verite fidèl. Nou envite kominote Mozayik aktyèl la ak sa ki pral vini yo, pou yo rasanble otou yon pozisyon pataje, sant komen nou an, avèk yon ospitalite grasye ak gwo atant:

Antanke Konferans Menonit Mozayik, nou angaje nou pou nou vin tankou Jezi. Paske nou kwè Jezi se Senyè a, nou envite kominote nou an pou swiv Jezi ak tout lavi yo, pou yo kapab transfòme nan imaj Jezi, menm lè sa koute chè (prijorite fòmasyon).

Antanke Konferans Menonit Mozayik, nou angaje nou pou nou renmen tankou Jezi. Paske nou rekonèt imaj Bondye nan lòt moun, nou envite kominote nou an pou kenbe relasyon malgre diferans yo, epi pou nou louvri tèt nou pou nou transfòme gras ak moun nou pa toujou dakò avè yo. Nou ofri pwòp don pa nou epi nou resevwa don lòt moun (prijorite entèkiltirèl).

Antanke Konferans Menonit Mozayik, nou angaje nou pou nou viv tankou Jezi. Paske nou gen misyon pou nou patisipe nan gerizon mond nou an, atravè pouvwa ak enspirasyon Sentespri a, nou envite kominote nou an pou li defann jistis, travay pou lapè ak rekonsilyasyon, epi pataje lanmou Bondye a radikalman nan pawòl ak aksyon nou yo (prijorite misyonè).

Nou rekonèt ke enterè pataje sa pèmèt nou ouvri espas pou diferans nan teyoloji ak pratik fidèl. Kote ospitalite ki plen ak gras ak gwo atant rankontre, gen anpil potansyèl men souvan li vin dezòdone. Nou pa souvan kapab trase liy klè ant enklizyon ak esklizyon; sa ka boulvèsan, konfizyon, e menm bay laperèz. Nan dezòd la, nou angaje nou pou nou rete pasyan e atantif : n'ap toujou rete ouvè a mouvman Lespri a, menm lè Lespri a fè yon bagay nouvo oswa inatandi (Travay Apot yo 10). N'ap chwazi yon pozisyon kiryozite ak aprantisaj (Travay Apot yo 11:18), n'ap bay priyorite a konpreyansyon olye de jijman (Mak 3:20-30). N'ap veye fwi Lespri Bondye a nan moun ki bò kote nou (Galatyan 5:22-26), pandan nou rete kwè Jezi te serye lè li di n'ap rekonèt yon pyebwa pa fwi li (Matye 7:13-20).

Pandan n'ap viv kominote ospitalite mityèl nou an, nou angaje nou pou nou wè limanite lòt moun, menm moun nou gen gwo dezakò avèk yo. Antanke moun ki fragil, nou konnen pafwa n'ap fè erè; konvèsasyon yo p'ap toujou san danje paske pa gen okenn konvèsasyon ki izole ak konsekans reyèl lavi a. Nan yon kominote ki chaje ak onètete ak pasyans, angajman nou an vè verite fidèl la parèt nan fason nou onore youn lòt, pran swen youn lòt, epi pwoteje lòt moun (menm moun nou pa dakò avè yo). Nou angaje nou pou nou itilize pratik restoratif, olye de pinitif. Nou angaje nou pou nou kiltive yon espas kouraj kote mal yo rekonèt byen vit epi nou travay pou chanje sa.

Nou kwè ke Lespri Bondye a mennen chak moun ak chak kominote vin jwenn nou pou objektif li. Nou temwen fason Bondye deja ap travay nan divès kontèks nan Konferans nou an pandan plizyè santèn ane, pafwa nan fason ki etone nou oswa konfonn nou. Nou vle onore fidelite youn lòt ak mouvman an nan enterè komen nou an, menm lè nou ka chwazi diferan entèpretasyon ak pratik pou rive la. Sa pa vle di ke nou inyore diferans nou yo oswa fè tankou diferans sa yo pa egziste jiskaske konfli fè yo parèt. Okontrè, nou rekonèt epi aksepte reyalyte diferans sa yo avèk gras ak imilite, paske nou konnen ke chak kominote nesèsè pou nou ka wè diferans fasèt ak imaj konplè ki ede nou konprann kiyès Bondye ye ak diferan fason Bondye manifeste plan li nan mond lan.

Nou kwè lè nou disène prezans Bondye nan diferans nou yo, sa ap mennen nan yon transfòmasyon mityèl, ki pral fòme nou ansanm nan imaj Jezi.. Mozayik vibran sa a se souf Bondye, yon temwen lanmou rekonsilyasyon Jezi nan bèl mond nou an ki divize.

REZIME RAPID:

Antanke Konferans Menonit Mozayik, nou chwazi santre tèt nou sou vin yon kominote ki onore epi bay valè a diferans nou yo pandan n'ap fè patenarya pou nou viv, renmen, epi vin tankou Jezi nan mond kase e bèl nou an.

REZIME KONPLÈ:

Konferans Menonit Mozayik la se yon kominote divèsifye ki angaje pou viv lanmou rekonsilyasyon Jezi a nan bèl mond nou an ki divize. Depi fondasyon li an 2020, konferans lan santre idantite li sou swiv Jezi, anrasinen nan Konviksyon Pataje Konferans Mondyal Menonit la ak "Prensip Esansyèl Anabaptis" Jezi, Kominote ak Rekonsilyasyon. Olye pou li konsantre sèlman sou kwayans pataje, Mozayik mete aksan sou fason manm yo gen rapò youn ak lòt, chwazi lanmou, imilite ak respè malgre diferans.

Konferans nou an konpare tèt li ak yon mozayik: plizyè moso inik ki fòme yon bèl antite. Manm yo soti nan diferan kilti, ras, opinyon politik, ak eksperyans lavi. Mozayik la chache kenbe ansanm tou de ospitalite grasye ak gwo atant, kreye yon espas kote moun yo akeyi men tou defi pou grandi nan lafwa.

Priyorite Mozayik se vin tankou Jezi (fòmasyon espiritiyèl), renmen tankou Jezi (relasyon entèkiltirèl), epi viv tankou Jezi (travay pou jistis, lapè ak rekonsilyasyon). Mozayik rekonèt ke travay sa a kadezòdone e dezagreyab, men li angaje li nan kiryozi, pasyans ak pratik restorasyon lè gen konfli.

Anfen, Mozayik wè divèsite kòm yon kado Bondye bay epi li kwè ke aprann youn nan men lòt ap transfòme kominote a nan imaj Jezi, pou li vin yon temwen lanmou Bondye pou lemonn.

